ККЗ
МЛ К-18



Кеңесбаи Кәримов

# Балалықтағы ертеклер

84/5 кар) 4737
на К-18 | Каримов К.
Балалыктагы ертек-
лер. Н. 1997.
17 с

84(5У3)6К
MN К-18

Кеңесбай Кәримов

# Балалықтағы ертеклер



*Қосықлар, ертеклер, аўдармалар, поэма*

*(Балалар ҳәм жас өспиримлер ушын)*

НӨКИС
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН
1997

КК 2
К – 18

**Кеңесбай Кәримов „Балалықтағы ертеклер"** *қосықлар, ертеклер, аўдармалар, поэма.* Нөкис: „Қарақалпақстан" 1997 ж 40-бет

*Балалар ҳәм жас өспиримлер әдебиятлары бөлими.*

Кеңесбай Кәримов өзиниң бир қанша қызықлы шығармалары менен кишкене балаларымыздың кеўлинен жай тауып киятырған балалар шайыры.

Оның „Балалықтағы ертеклер" атлы қосықлар топламына да тәбияттың гөззалығы, әгиралымыздың азадлығы ҳаққында жәнеде балаларымыздың шоқлығы ҳәр нәрсеге қызығыўшылығы ҳаққында оғада қызықлы уақыяларды оқыймыз.

4737

MA'LIMLEME RESURS ORAYI

229891

Республикалық детская библиотека

К $\frac{4803270202-471}{М-357(04)-97}$ 34–97

ISBN 5–8272–0093–Х

© „Қарақалпақстан", 1997

# ТӘБИЯТ СҮЎРЕТЛЕРИ

## ТАҢҒЫ ШЫҚ

Сентябрь айында,
Азанғы ўақта.
Шөплерде дизилип,
Турар „моншақлар“.

Бундай көринисти,
Көриўге асық.
Жалтырақ „моншақлар“.
Аталады „шық“.

Шөпти қозғап өтсең,
Саўлап төгилер.
Салқынынан денең,
Сәл титиркенер.

Шықты талай кешип,
Азанғы ўақта,
Сатпар-сатпар етип,
Жүрдик балақты.

Түспе азан менен,
Жоңышқалыққа.
Тап дизеңе шекем,
Малынар шыққа.

## АҚТАЛ

Ақтал бизиң жақтың,
Сәнли ағашы.
Турар жап бойында,
Бултқа таласып.

Қулласы ақталдың,
Әпсанасы көп,
Айлы ақшамлары,
Тоқыйды ертек.

## ГҮЗ

Ағаш жапырақлары,
Алтындай сары,
Жерди қыздырмайды,
Қуяш нурлары.

Тойғын сары рең,
Басым бәринен,
Биреў сарғыш бояў,
Төкти ме екен?

Қуслар түслик жаққа,
Сап тартып барар.
Толып жаздағыдай,
Ақпас салмалар.

Бәҳәрде ең дәслеп,
Бүртик шығарар.
Оны мазалы деп,
Сорады балалар.

Қуяшы күйдирген,
Жаз ыссысында.
Дем алыў рәҳәт,
Ақтал астында.

Ақталдың баска да,
Зор таманы көп.
Ақшам жапырақлары,
Тоқыйды ертек.

Бәлки биз тербелип,
Азамат болған.
Жеңил ғана бесик,
Талдан соғылған.

Қабығын ем қылған,
Жараға басып.
Атам шақасынан,
Соғыпты қасық.

Аўыл арасында,
Адасқанларға,
Ақтал жол силтеўши
Болады бәрҳа.

Сирә тыным таппай,
Изли-изинен,
Жолда тележкалар,
Барар дизилип.

Қуўнақ шаўқымласып,
Азанғы ўақта.
Балалар мектепке,
Асығыспақта.

Қуяш көрингеннен,
Қас қарайғанша,
Дийхан тер төгеди,
Тап ҳарығанша.

Ол зүрәәт жыйып,
Толтырар телек.
Жаўар базда-базда,
Жамғыр силпилеп.

Муғаллим классta,
Айтар:—келди гүз.
Сүўрет дәптерлерге,
„Гүз“ди сызамыз.

## СҮЎРЕТ

Сүўрет сабағында,
Екинши „б“ да,
Балалар сүўретке,
Қуныққан жүдә.

Үйректиң сүўретин,
Сызар Саламат,
Биреў сәлар ийтин,
Биреў салар ат.

Қулласы сүўрет пенен,
Машкул ҳәмме де.
Дилбар ҳештеңени,
Салмайды неге?

Әне, ол ойланды,
Әйнектен қарап,
Сондай сулыў таңғы,
Барлық әтирап.

Сарғыш жапыраклар,
Төселген жерге,
Қуслар ушып барар,
Бәлент көклерде.

Қуяш терезеден,
Күлип қарады,
Мениң сүўретимди,
„Сал“ деп сорады.

—Мениң сүўретимди,
„Сал“ деди аспан.

—Мениң сүўретимди
„Сал“ деди қуслар.

Дилбар ойланды да
Қәлемин алды.
Дәптерге қуяштың
Сүўретин салды.

Сарғыш жапырақларды
Салды соңынан,
Шадлы балаларды
Салды соңынан.

Сол шадлы балалар
Көкке қарады.
Ашық көкте қуслар
Ушып барады.

Соң дәптерге салды
Қатара терек
Ҳәм астына жазды:
„Барлық балаларға
тынышлық керек!“

## НӘЛШЕ

Бәҳәр келди. Қолға,
Бел алып дәрҳал,
Салма жағасына
Отырғыздым нәл.
Көп өтпей жап-жасыл
Бүртик көрсетти.

Ох, қаншелли сонда,
Қуўанып кеттим.
Ол жазда көркейип,
Сая молайтар.
Адамлар тиккенге,
Рахмет айтар.

## БАҚШАДА

Анам менен барамаи,
Қол усласып бақшаға,
Күн бойы ойнап жүремен,
Балалар менен бақшада.

Қуўыршағым күледи,
Тайыншағым жүреди,
Қосық айтып береди,
Бақша, бақша, бақшада,.

Түр қәлемлер аламан,
Қызық сүўрет саламан,
Мен сүўретши боламан,
Бақша, бақша, бақшада,

Ас ишемен қуныға,
Дем аламан тыныға,
Өсемен мен шыныға,
Сол әдиўли бақшада.

## ӨЗИМ ЕККЕН ҚАРАТАЛ

Есигимниң алдында,
Өзим еккен қаратал.
Жапырағында ойнайды,
Шаўқым салып шоқ
самал.

Бәҳәр келсе үлкеме,
Талым жасыл дөнеди.
Көлеңкеде балалар,
Ойын ойнап жүреди.

Қаратальм, қаратал,
Аўылға сән береди.
Неге оған соншелли,
Қарай бергим келеди.

Есигимниң алдында,
Өзим еккен қаратал.
Жапырағына сыр айтып,
Гүўилдесер шоқ самал.

## МУЗҒАЛА

Таңда турсам, айнала,
Жамылыпты музғала.
Аңлаўсызда эх, әттең,
Тайып кетги бир бала.

Музғала да, музғала,
Сықыр-сықыр айнала.

Ағашлар да, үйлер де,
Жамылыпты муз ғана.

Қуяш шықты. Айнала,
Жалт-жулт етти айнадай.
Абайлап бас аяқты,
Тайып кетпе, ҳәй бала!

# СПОРТ ҚОСЫҚЛАРЫ

## ФУТБОЛ

Жасыл алаң,
Топ ҳәм мен,
Қуўа бердим шаршамай.
Футбол деген әўелден,
Қызық ойын, қайнақай.

Соң тәрепке бөлинип,
Түсип кеттик жарысқа.
Дәрўазаға топ тептик,
Бир-биреўден қалыспай.

Әнуар шаққан ҳүжимши-
Топ айдады ортадан.
Қақшып алды өткермей,
Бақберген дәрўазаман.

Дәрҳал, ўақыт уттырмай,
Топты маған берди ол.
Пайыт келди бир қолай,
Тепгим. Ура! Болды гол!

## АҢҒАЛАҚ

Қақаман қыс. Тайғақ муз,
Сумкаларды қойдық биз.
Сууықты да умытып,
Музда ойын қурдық биз.

Аңғалақ та, аңғалақ,
Даңғыр-даңғыр қаңғалап,
Сырғанайды бос қуты,
Қызық ойын-аңғалақ.

Ўақытты да создық па,
Бара-бара қыздық та,

Қысқы қалың пальтоны,
Шешип қойдық музлыққа.

Бойда жигер тасады,
Қулақ-мурын ысыды,
Ойнап кетти биз бенен,
Ҳәтте Айтбайдың күшиги.

Қақаман қыс. Тайғақ
муз,
Сабақтан соң ҳәр күн
биз,
Суўықты да умытып,
Аңғалақты қуўамыз.

## ТУРНИК

—Турник,—деди
муғаллим,
Шынығасыз ҳәр күн.
Ҳәзир бирим-биримлеп,
Көриң қәне, тартынып.

Бахыт еки тартылды,
Азат алты тартылды.

Өтип атыр биримлеп,
Ҳәр кимде күш ҳәр
қыйлы.

Гезек маған келгенде,
Секиргеним, „жалп“
еттим.
Жолдасларым күлгенде,
Шынығыўды шәрт еттим.

## ШАХМАТШЫ

Бизиң Қуўат шахматшы,
Уқыбы бар, зейни бар.
Ойынына баллар да,
Муғаллим де таңланар.

Анаў қоңсы мектептен,
Келип еди Азамат.
Он жүристе ол әттең,
Абайламай болды „Мат“!

Пияданы жүреди,
Атты алға сүреди.
Неге Қуўат шахматшы
Бизди ута береди?

Сораў қойсақ өзине,
Дейди:—пайлы өзине,
Болыў керек уқыбың,
Болыў керек төзимиң.

## АЭРОПОРТТА

Аэропортта қатар-қатар,
Гүмис қанат шағаладай,
Дизилискен самолетлар,
Қарай бердим көзим
тоймай.

Анаў, „ТУ“ кең
омыраўлы,
Таяр пәрўаз әйлемекке,

Бүркит яңлы етпей
қәўип,
Ушар шетсиз-шексиз
көкте.

„ИЛ“ ҳәм „ЯК“ лер
салтанатлы,
Жолаўшыны күтип
турған,

Кептер яңлы ақ қанатлы,
Ушып өтер теңиз-таўдан.

Самолетлар аэропортта,
Халық хызметин
питкереди.
Минсең сени ҳәп-заматта,
Мәнзилиңе жеткереди.

## АПРЕЛЬ

Көк гүркиреп, жаўып
өтти
Нөсери.
Жамғыр жерди
жасартады
Деседи.

Бүртик жарды таллар.
Әне,
Далада
Шапқыласты жалаңаяқ
Балалар.

Ақ таллардың бүри
палдай
Мазалы.
Қандай гөззал апрельдиң
Азаны.

Таң сәҳәрде турып алып
Өпепек
Оятады мени „өпепек“
„Өпепек“ деп.

Апрельдиң изин ала
Кайнақай,
Гүл жамылып сай ҳәм
дала
Келер Май!

## ҚАР

### (*Кеўилли балалар қосығы*)

Ақша қарды күте-күте,
Көзлер қарайды,
Бүгин ақ қус барлық
жерге
Қанатын жайды.

Далаларда, шарбақларда,
Қар, қар, қар.
Бундай ўақта, үйде
бизге,
Тар, тар, тар.

Бүгин енди, биз балалар,
Қарға шығамыз,
Тайғанақлап та
төбешикке,
Зорға шығамыз.

Төбешиктен төмен қарай,
Ушар шаналар.
Дым кеўилли қосығымыз,
Қар, қар, қар.

Гә қойынға, гә қонышқа,
Қуйылар ақ қар.
Сәл домбыққан
қолымызды
Демимиз жылытар.

Ақша қарда ойнаўға биз,
Тоймаймыз сирә.
Мурынымыз тоңбағанша,
Қоймаймыз сирә!

## САМОКАТ

Алты жасар Азатқа,
Әжағасы Азамат.
Анаў күни дуканнан,
Әкелипти самокат.

Самокаты шылт жаңа,
Жалтырайды бояўы.
Әттең Азат бирақта,
Билмес екен айдаўды.

Зырғып еди бәленттен,
Оңбағандай қулады.
Дизелери қыршылып,
Азат бираз жылады.

Ашыўланып соңынан,
Деди: „жаман самокат"
Жетип келди жанына,
Әжағасы Азамат.

Сүйемеллеп қапталдан,
Жүрип еди бир замат.
Азатбайға бағынды,
Өзи жүрер самокат.

Енди Азат зырлатып,
Самокатты айдап жүр.
Балалар менен жарысып,
Түрли ойын ойнап жүр.

Билип алды самокат,
Өзи жүрер — дегенин,
Бирақ оны айдаўға,
Уқып керек екенин.

## ҚАРМАҚҚА БАРҒАНДА

Мурат, Полат еки дос,
„Ашшы көл" ге бармаққа,
Таярланды күн бурын,
Алды жемтик, қармақлар.

Минип велосипедке,
Жолға шықты сәҳәрде.
Жетти көлдиң бойына,
Қуяш қызған мәҳәлде.

Жемтик салып қармаққа,
Айдынларға таслады.
Қалқыларға тигилип,
Енди күте баслады.

Бир ўақлары қармақтың,
Сабағы дир-дир етти.
Қалқыны суў түбине
Қандай күш тартып кетти.

Мурат тартты қармақты,
Қыймылын тез, шалт етти.
Епкин менен ҳаўада,
Бир ақ шабақ жалт етти.

Мурат сондай қуўанып,
Сазан усладым, деди.
Тутқаны расында.
Қуп-қурттай шабақ еди.

Полат айтты: шабақ ғой,
Жиберейик еркине.
Айдын көлде үлкейип,
Балық болсын бир күни.

Мурат оны босатты:
„Көлде ойна бар, деди".
Рахмет айтып ақ шабақ,
Сүңгип кетти тереңге.

## САЯХАТ

Көриў ушын даланы,
Көриўге көл тоғайды,
Саяхатқа атланды,
Қуўат, Айбек, Мәҳийда.

Әне, қала сыртында,
Тоғай тур мунарланған.
Соқпақ жоллар өтеди,
Өркешленген қумлардан.

Далалардан өтеди,
Баў-бақшалар қулпырған.
Пахтазардан өтеди,
Ғумша байлап атырған.

Өтер ферма жанынан,
Сүт булағын тастырған.
Әтирапта сақый жаз,
Мысал сақый дәстүрхан.

Тамашалар барлығын,
Мәҳийда, Қуўат, Айбек
Билмей шаршағанлығын,
Тоғайға да қалды көп.

Саясында отырды,
Торанғылдың бир нәруан.
Салқында алып демин,
Аўқатланды бир заман.

Соң өзекти жағалап,
Кеш қайтты үйлерине.
Бәлент қала жайлары,
Көринип қалды, әне...

## БАЛАЛЫҚТАҒЫ ЕРТЕКЛЕР

Шымбайдан азғана,
Арқа таманда.
Балалығым өтти,
Аўыл-жабанда.

Жаздың ыссысында
Сая тереги.
Жерине ғаўаша
Егилер еди.

Жазда пахта отап,
Шомылып жапқа
Талай қумға аўнап,
Жаттық эптапта.

Жап бойында бәлент,
Ақ сөкит өскен.
Аўыл адамлары,
Байтерек дескен.

Еле көзге түсип,
Узақ-узақтан,
Жазда сая берип,
Турар әтирапқа.

Әне, сол терекке,
Қонаклап алып,
Ертек айтысқанбыз,
Ядтан шығарып.

## БАЙТЕРЕКТЕГИ ЕРТЕК

Байтерек басында,
Парахат ҳәм мен.
Атабай, Қалыбай —
Барлығымыз тең.

Әўелден Парахат,
Шебер ертекши.
Тыңла, қойып дыққат,
Болдырар кешти.

Кәле, айтып берер,
Қандайы керек.
Ертеклер уясы,
Дейди байтерек.

Сөйтип былайынша,
Ертегин баслар,
Келиң қәне, бирге,
Тыңлайық, дослар.

„Бир ўақлары бунда,
Дәўлер жасаған.
Бәлент байтеректиң,
Өзи усаған.

Түнде әтираптан,
Аң қуўып тутқан,
Күндиз сая жерде,
Дем алып жатқан.

Жейди бир жегенде,
Бир қора аңды.
Онбес кийик пенен,
Отыз қоянды.

Бирден ишип қояр,
Бир көлдиң суўын.
Әне, сондай алып,
Болыпты дәўиң.

Ҳешким жүрек етип,
Өтпес қасынан.
Атлар үркер екен,
Қурылдысынан.

Бурын усы жерде,
Сондай дәў болған,
Өзинен сораңлар,
Десеңиз жалған.

Инанбайсызлар ма?
Қараңлар, төмен,
Жатырған саяда,
Дәў емеспекен?“

Төменге қарасақ,
Рас. Бир батыр,
Қурылдыны урып,
Уйқылап атыр.

Басы нан себеттей,
Қолы гүректей.
Бойы анаў-мынаў,
Нәрўан теректей.

Сөйтип растан да,
Мысал дәў көрдик,
Қорқып барлығымыз,
Жылап жибердик.

Ал, „дәў" шоршып түсти,
Шаўқымымыздан,
Кимлер екен түсте,
Уйқысын бузған?

Еснеп керилди де,
Көзин уўқалап,
Бир бақырып берди,
Бизлерге қарап:

Ҳәй, ҳәй жүўернемеклер,
Түсиң теректен.
Ҳәзир баллар жүдә,
Шоқ болып кеткен.

Шымшықтай ағашқа,
Қонақлап алып,
Уйқы бермес журтқа,
Дейди,—„дәў" налып.

Шақада отырып,
Қатты уялдық.
Қалай бул адамды,
Танымай қалдық??

Бизиң аўылдағы
Қәллибек „ләўзе"
Саяманда қалғып,
Жатқан пәкизе.

Бизлер оны „дәў" деп,
Қорқып кетиппиз.
Ҳәм уйқысын бузып,
Айып етиппиз.

Бәлки, ертек айтып,
Ҳаўаландырған,
Парахат ертекши,
Айыпкер буған.

## „АШЫЛ СУМКА"

Өткен гүзде
Ағам маған,
„Ашыл сумка" әкеп берди,
Алыстағы бир қаладан.

„Ашыл" десең—ашылады,
„Жабыл" десең—жабылады.
Не кәлесең,
Не тилесең,
Сол сумкадан табылады.

Шоколад па,
Мармалат па?
Мороженое, лимонад па,.,
Не ойласаң,
Болар таяр,
Барлығы да ҳәпзаматта.

Үйге берген тапсырманы,
„Қыйын ғой“ деп,
Жеме қайғы.
„Ашыл сумка“ барлығын да,
Бәржай етип, орынлайды.

Есабыңды шығарады,
Шынығыўды көширеди,
Күнделикке сыя төксең,
Еринбестен өширеди.

Тақмақ ядлап,
Тәкирарлап,
Сениң ушын аянбайды,
Жуўырады зырлап-зырлап.

Умытыппан, ҳаў айтқандай,
Оның жақсы қылығы бар,
Пайдалы ҳәм,
Таң қалғандай.

Үкең болса
Жылаўықлаў—
Қыйын саған
Дым жылатпаў.
„Ашыл сумка“ балаларды,
Ойнатыўға шебер жүдә.

Гә секирип,
Гә домалап,
Гә күледи,
Гәде жылап—
„Ашыл сумка“ ойнағанда,
Мен-мен деген жылаўықта,
Жубанады сол заматта.

„Ашыл сумка“—әне сондай,
Сорай бермең,
Десип „қандай?“
Қозғай бермең,
Сөйтип мениң,
Ишимдеги қайғыны көп:
„Ашыл сумкам“ кеше кеште,
Ушты-күйди болыпты жоқ.
Күйингеннен
Алдым жылап,
Таўып берсе сумкамды ким,
Сүйиншиге
Бир шокалад!

4737

## „БАТЫР“ ҚОЯН

MA'LİMLEME RESURS ORAYI

*(халық ертеги мотивинде)*

Кең тоғайда бир гөжек,
Ғарғып минип түбирге:
—Жыйылыңлар, қоянлар!—
Деп қыйғырып жиберди.

Жыйналды ҳәп заматта,
Салпы, қулақ, жырықлар.
Бизиң гөжек оларға
Көрсетти көп қылықлар.


229892 Республиканск. д. библиотек

—Деди ол: ҳәй ағайлар,
Неге қорқа беремиз?
Сылдыр етсе жапырақ,
Зирлеп жәбир көремиз.

Жетер, курсын қорқақлық,
Енди батыр болайық.
Жолбарысты жалмап жеп,
Арысланды алайық!

Әкелиңлер қасқырды,
Түтип жейин ҳәзир-ақ.
Шағал, түлки дегениң,
Жүрер болсын қалтырап.

Деп мақтанды Жырықбай,
Көп мақтанды Жырықбай.
Танланысып қоянлар:
Дести:—Буған қараңлар!

Қашық емес, сол жерде,
Паналап бүк, боянды,
Жатыр еди Бөрибай,
Көп шаўқымнан оянды.

Қасқыр турып қараса,
Гөжек отыр гәрдийип.
Өзи қорқақ, суў жүрек,
Батырман дер мардыйып.

Қасқыр аң-таң. Гөжекбай,
Көрип сонда бөрини.
Естен танды, тек ғана,
Жыбырлайды мурыны.

„Усы өлген жерим“ деп,
Гөжек оқтай атылды.

Маңлайына қасқырдың,
Урылыпты қатырып.

Әллен ўақта Жырықбай,
Зорға келди өзине.
Таңланысып қоянлар,
Исенбейди көзине.

—Ура! Бизиң Жырықбай,
Бөрибайды қорқытты!
Деп соңынан қоянлар,
Усы ертекти тоқыпты.

## ҮШ ЕРИНШЕК

*(Халық ертеги)*

Узақтағы бир аўылда,
Үш еринштек жасады.
Жалқаўлықта, ҳаярлықта,
Бир-биринен асады.

Бири айтады:—Төбемизде,
Алма ағашы өссе екен.
Жемислери писип гүзде,
Аўзымызға түссе екен.

Екиншиси айтты: ернин
Қыбырлатып ебиндей,
Бай-бай жора, қалай ғана,
Сөйлеп атсаң еринбей.

Алма деген писер болса,
Өзи писе бермей ме?
Торс-торс етип аўзымызға,
Келип түсе бермей ме?

Үшинши айтты сонда:
-Қатты ашпаң, жигитлер,
Мийнет етиў жақпас бизге,
Маңлайлардан төгип тер.

Қәне енди салқын ғәна,
Айран болса бир гүзе,
Шөллеримиз қана-қана,
Ишер едик пәкизе.

...Өтер еди сол қәрадан,
Бир кемпир, ақ көкирек.
Аш жатырса сонша адам,
Кеўли кетти елжиреп.

Деди:—Менсиз, ериншеклер,
Қыйын екен ҳалларың.
Гүзедеги айранымды,
Ишеғойың, балаларым.

Үйим жақын. Анаў бир түп,
Торанғылдың артында.
Қуўыстырың гүземди тез,
Барып турың, тартынбаң.

Кемпир кетти... Үш ериншек,
Шешти, кимниң гезеги.
Ким апарып бериў керек,
Кемпирге бос гүзени.

Салқын айран ишилмеди,
Олар тартысты узақ.
Сонша жерге барыў деген,
Ериншекке не азап?

Үш ериншек ақырында,
Былай келискен екен:

—Гүзени сол апарады,
Ким биринши сөйлеген.

„Ап-аўзыңды жап“ деди де,
Үнсиз қалды үшеўи.
Солай етип, бир-бирине,
Тәсил салды үшеўи.

Түс өтип, кеш жақынлады,
Үш ериншек үндемес,
Бир жолаўшы жол сорады,
Олар жуўап бермес ҳеш.

Не болған үш ериншекке?
Жолаўшы да ҳайранды,
Заңқ еттирип ишип кетти,
Гүзедеги айранды.

Тез арада геўгим түсип,
Көкте жулдыз көринди.
Үш ериншек еле отыр,
Сол отырған жеринде.

Ким биринши сөйлейди,—деп,
Бир-бирине қарайды.
Айран ядқа түседи де,
Еринлерин жалайды.

Бос гүзеден тәме етип,
Көзлер әбден сүзилди,
Дизелерден дәрман кетип,
Жүреклери үзилди.

Сол мәҳәли пайда болып,
Ала көпек қаңғыған.
Жалай берди басын суғып,
Боз гүзени жалма-жан.

Ақыры бир ериншектиң,
Питип шыдам, төзими,
„Жит-ҳа-жит“ деп қышқырыпты,
Ҳай бере алмай өзине.

Қалғанлары қуўанғаннан,
Тута алмай өзлерин,
Үш турып, үш отырыпты,
Ол сөйлеген гезлери.

Мейли, айран ишпесе де,
Болды, қыймылдамаса,
Ҳәлек болып сонша жерге,
Гүзени апармаса.

Сөйлемеген ериншеклер,
Шадланысып қалыпты.
Қара қайғы басқа түсип,
Сөйлегениналыпты.

Ериншеклик себебинен,
Пысым әбден қурыды,
Жоражанлар, мен кетемен,
Ериншеклик қурысын.

Депти дағы кетип қапты,
Басы аўған таманға,
Мийнетинен көрип жақты,
Көп жасапты аманда.

Қалған еки ериншекте,
Жасап атыр деседи,
Бәлки ол да рас гәпти,
Я биреўдиң өсеги.

Алма пис, аўзыма түс деп,
Айтармыш ҳәр заманда.
Ериншек аз, мийнеткеш көп,
Бирақ, бизиң таманда.

## ШЫМШЫҚ ҲӘМ ПУТАҚ

*(Максим Танктен)*

Талдың путағынан,
Шымшық соранды:
"Тербеп турсаң еди,
Палапанымды".

Палапанларды ол,
Тербегиси келмес.
"Ешкилер, путақты
Сындырыңлар тез!"

Ешкилер қозғалмас.
Қышқырды шымшық:
"Бөрилер, панадан,
Тезирек шығып,—

Тентек ылақларға,
Көрсетип қойыңлар.
Путақты сындырыўды,
Қәлемес олар.

Ал путақ болса,
Тербегиси келмес,
палапанымды "
Қасқырлар тырп етпес,
Шақырды сонда:
"Ҳәй" батыр аңшылар
Келиңлер мында!

Услаң бөрилерди,
Олар болса ҳеш,
Тентек ылақларды,
Қуўғысы келмес.
Ылақлар болса,
Талды ғайзап, дәмин
татпады.
Тал путағы палапанымды,
Тербеп уйқылатпады".

Аңшылар көринди,
Алып мылтықты.
Бөрилер тоғайдан,
Атылып шықты,
Тентек ылақларға,
Тура жуўырды.
Ылақлар тез талдың,
Путағына барды.
Ал, талдың путағы
Қорықты да сол гез,
Шымшық палапанын,
Шайқай берди тез.

Сол ўақыттан берли,
Барлық заманда,
Путақ палапанды,
Ҳәййиўлер таңда.

## ШОКОЛАДХОРЛАР

(*Х. Иманбердиевтен*)

Тәбият пәнинен сабақ,
Барар 4 "б" да.
Қалбай қыялға шүмген,
Шийрин "кис-кис" уртында.

Дүньяда көп атаўлар,
Ашылған ашылмағаны да,
"Шоколад" атаўы ҳәм
Бармекен -әй дүньяда.

Болса, мен сол атаўда.
Робинзон болар едим.
Рас турып шоколадқа
Қайта-қайта тояр едим.

Буны қараң, қыялы,
Инабатқа алынды,
Сол пайыт бир хош хабар,
Қулағына шалынды:
—Балалар, ҳәй балалар,
Еситпедим демеңиз.
Сапарға болды таяр,
"Шоколадхор" кемемиз.
"Шоколад" атаўына,
Дейин жети күнлик жол.
Мазалы зат атаўда,
Толып тасқан жүдә мол.
Ҳаў, айтпақшы, шәрти де,
Қыйын емес оншама,
Ярым шелек таза пал,
Жесе болды ҳәр бала,

“Пахтакор“, „Ақ алтынның“
Ҳәр биринен бес кило.
Үш-төрт, ҳәмде болғаны,
Алты кило мурабба.
Балалар ҳәй балалар,
Еситпедим демеңиз,
Имтиханнан өткенди,
Әкетеди кемемиз.
Бул хабар сол заматы,
Тарады тумлы -тусқа,
Бундай-бундай сақыйлық,
Бурын болмаған ҳасла.
Имтиханды Қалбайда
“Бес“ баҳаға тапсырды.
“Болса тағы бериң“ деп,
Капитанды састырды.
“Шоколадхор“ тез ғана,
Толды конфетхорларға.
Қалбайға уқсаған,
Иштейи дым зорларға.

...Үш күн болды балалар,
Жүзип барар теңизде.
Үш күн болды, шоколад,
Түспей қойды ауызға.

Жолаушылар бийтақат,
Еринлерин жалайды.
Күткендей әлленени,
Бир-бирине қарайды.
Ҳәрбир бала өз-өзин,
Жубатыуға урынар.
Қасындағы жолдасы,
Шоколад болып көринер.

Биреу сонда тосыннан,
Мәлим етти: —Қараңлар,

"Шоколадхор" кememиз,
Шоколадтан жаралған!
Сол заматтың өзинде,
Бир баса-бас болды дең.
Көзди ашып жумғанша,
Желқомды бөлисип жеген!
—Тәртип сақлаң,
Тәртип! —деп,
Қышқырады капитан.
Әне мачта, каюта.
Желинди болды тамам.
Штурвал бәринен де,
Мазалы болып шықты.
Биреўдиң суў астынан,
Даўысы талып шықты.
Көшкини көтериңлер,
"Иристен" жасалыпты!
Қалбай тоймас сирә
Қарыны толған қаптай!

Ал, бизиң Толыбайдың,
Аўзы ҳәм тынар емес,
Бир бочка суў ишсе де,
Шөли ҳеш қанар емес!
Класслас Нарбай болса
Өзи жеўдиң орнына,
Керегиме жарар деп,
Тығар қоныш-қойнына.
Ҳәй, мынаў бир бала ше?
Өлмегей дә жарылып,
Бас бармағы аўзында
Қарыны кеткен салынып.

... Атаўға сәл қалғанда,
Кеме бата баслады,
"Шоколадхорлар" мантығып,

Суўды жута баслады.
Қалбайда батып барар,

Шийрин екен шыбын жан.
Қышқырды ол тосыннан
—Қутқарыңлар! Анажан! ...
Тәбияг пәнинен сабақ,
Барар 4 "б" да,
Бул шаўқымнан балалар,
Ҳаўлығып кетти жүдә!
Класласлары ҳайран лал,
Не болып қалды, бул не ҳал?
Қолға түскен баладай
Қызармақта Қалбай, ал ...

## УМЫТ ҚАЛҒАН ЯРЫМ АЙ

*(поэма)*

Талдың саясында,
Салма бойында.
Азат ҳәм Оразбай,
Кирди ойынға.

Азаттың қолында,
Бар ярым шөрек,
Толмаған ай яңлы
Ярым дөңгелек.

Ойын-қыза-қыза,
Умытылды шөрек.
Шөплер арасына,
Кетти дөңгелеп.

Азат умытқанға,
Қапаланды ол.
Шөплер арасына,
Тасаланды ол.

Әне, қуяш батты,
Шөпке шық түсти,
Жулдыз шықты. Ай да,
Жылысар әсте.

Шөпликтиң арасы,
Қараңғы, салқын.
Шөрекке ырасы,
Қорқынышлы дым.

Әне, тал артынан,
Сығалады Ай.
Шөрек қорыққанынан,
Қышқырды: Әҳ —ҳәй!

—Тыңла, ақшам көрки,
Тыңла, алтын Ай,
Қорқыныш, азапқа,
Шыдайман қалай?

Екеўмиз қашаннан,
Таныспыз инақ!
Өткен жаз ақшамы,
Турған толқынлап—
Айтшы, ядыңда ма
Алтын масақлар?

Дизилисер еди
Сап-салқын шықлар.

Сонда сениң жумсақ,
Нурыңда гүмис,
Ақырын ырғалып,
Сыбырласқанбыз,

Бийдай масақларының,
қосығы
Бизлер дән масағымыз,
Инсан өмириниң тиреги
бизлер!

Биз бар жерде —өмир,
Биз бар жерде —тоқлық,
Биз бар жерде —бахыт,
Биз бар жерде —тынышлық.

ШӨРЕК:

Масақлар қосығы есиңде ме,

АЙ!

Есимде шөрек.

ШӨРЕК:

Маған қорқынышлы,
Суўық бул жерде.
Азат қашшан кетти,
Көрмей ескермей.

Ай, Ай!
Қасыңа ал,
Сен ярым дөңгелек,
Мен ярым дөңгелек,
Екеўмиз болайық
Пүтин дөңгелек!

А Й:

Мейли кел!
Кешиккен жолаўшы
Таң қалды буған.
Жаңа көринген ай,
Таўлар артынан,
Ярым пәтир яңлы
Жартылай еди.
Ҳәп заматта қалай,
Толысқан енди.

Соқпақ, дала, тоғай
Көринди анық.
Жолаўшы сүйсинди,
Ҳәмде таңланып,
Ойлады: "ярым ай,
Пүтин ай болды.
Түсинбедим, пай-пай,
Бул қалай болды".

Соңынан ыңылдап,
Жолына жөнеди.
Сол түни Ай сүттей,
Жап-жарық еди.

... Азат түс көрмек те,
Узыннан-узақ.
Ҳәмде түслеринде,
Шекпекте азап.

Жалғыз қалған емиш,
Шөл биябанда.
Сөйтип зар болыпты,
Бир тислем нанға.

Онда жалғыз өзи,
Салқын түн емиш.
Көкте толысқан Ай,
Көринген емиш.

—Апа суў, нан деуге,
Ҳеш ким көринбес.
Бир тислем нан, жеўге
Табылмапты ҳеш.

Сонда Азат ашыў,—
Ызадан қалтырап,
Жерге отырды да,
Жиберди жылап.

Көз жасы шық яңлы,
Шөплерге тамды.
Көктеги Ай ғана,
Тигилип ғамлы,
Шомылдырар еди,
Нурға әтирапты ...
Азат оннан бетер,
Жылады қатты.

Көкте айдан басқа
Көринбес ҳешким.
Азаттың расында
Ҳаллары мүшкил.

Азат жылай-жылай,
Ақыры шаршады.
Жылай берген менен,
Айт, не шығады.

Енди қалған бунда
Өлиў ме қалай?
Деди Азат сонда,
—Ҳәй, көктеги Ай!
Деди, тыңла мени,
Бәленттеги Ай!

—Сен ҳәммеден бийиктесең,
Сен ҳәммесин билесең,
Теңизлерди, тоғайларды,
Дәрьяларды, қалаларды,
Сен ҳәммесин көресең.
Аш болдым мен, шөлледим мен.

Айт соқпақлар қаяқта?
Суўы салқын ҳәм терең,
Айт, булақлар, қаяқта?
Ақшам бойы шуўылдасқан
Жасыл бағлар қаяқта?
Самал менен ырғалысқан
Бийдайзарлар қаяқта?
Аш болдым мен,
шөлледим мен,
Үйим ҳәм нан қаяқта?

## А Й

Тыңла, Азат турсаң
сорап,
Бизиң қайсысымыздан?
Мен ярым дөңгелек,
Ол жарты шөрек.
Екеўмиз қосылып,
Пүтин дөңгелек.

АЗАТ:

Әҳ, ярым дөнгелек—
Мен умытқан нан!
Мен соншелли ашпан,
Түсе ғой берман.

ШӨРЕК:

Сен жақсысаң Азат,
Дым шоқ баласаң.
Базда умытшақлаў,
Азлап шаласаң.

Быйыл екиншиде,
Оқыйсаң ғой сен.
Ал нанды қәдирлеп,
Сыйлай билмейсең.

АЗАТ:

Кешир мени шөрек,
Айыплыман мен.
Кәнекей тезирек,
Түссең - о, төмен!

ШӨРЕК;

Кеширейин мейли,
Түспеймен бирақ.
Ол жер қараңғы ҳәм
Қорқынышлырақ.

Аяғым аўырар,
Оның үстине.
Мени таба алмай,
Қаларсаң және.

АЗАТ:

Онда не қыламан,
Дым ғана ашпан.
Туўған үйим қайда?
Жете алмаспан.

Азат тасқа отырып жылаўын даўам етти.

Нанның дым реҳими
Келди Азатқа.
Бирақ түсиўдиң ҳеш
Илажы жоқ тә!

Ҳәр қандай ертектеги сыяқлы Азаттың нанға, нанның Азатқа жетиўи қыйын еди.

ШӨРЕК:

Азат: сен маған кел!
Бир илажы бар
Маған әкеледи,
Машақатлы жоллар.

АЗАТ:

Айт мен машақаттан,
Қорықпайман сирә!
Жүдә-жүдә ашпан,
Түсин ақыры.

ШӨРЕК:

Тыңла Азат онда,
Жол жүдә узақ.
Онда шаршайсаң ҳәм
Шегесең азап.

Жолыңды тосады,
Мийнет таўлары.
Бар оның шыңлары,
Тик асыўлары.

Қолларың қабарып,
Қыршылар дизең.
Қыйынлықты жеңсең,
Таўдан өтесең.

Алдыңда бар тағы,
Толқыған көллер
Мәртлер ғана оннан,
Табар өткеллер.

Соңғы қыйыншылық
Гезлесер тағы.
Созылар алдында,
Нурлар алабы.

Мыс қайнаған ыссы,
Күйдирер лаплап.
Бәлки оннандағы
Өтерсең еплеп.

Усы қыйынлықтың
Барлығын жеңсең,
Узақ жолды басып,
Маған жетерсең.

.. Азат көп ойланбай,
Умтылды алға.
Мийнет тауы ести,
Минекей алда.

Маңлайынан тери,
Моншақлап ақты.
Қоллары қабарды,
Аяғын тас қақты,
Маңлайының терин,
Сыйырып Азат,
Оқыды мынаны,
Мийнет тауларына,
Жазылған қашап:
Мийнет тауларындағы жазыў
"Бизлер —мийнет таулары,
Бизлер —дөретиўшимиз.
Биз —инсанның қоллары.
Дөретиўде күшимиз.

Бизиң шарапатымыздан,
Бина болды алтын дән.
Бизиң меҳримиз бенен,
Ҳәр бир масак жыйылды.
Телеклерге қуйылды.
Бизиң шарапатымыздан,
Дәстдрханда аппақ нан".

Мийнет тауы изде,
Азат шаршаған,

Елеслейди көзге,
Әҳ, бир тислем нан.

Мине көллер, көллер,
Шайпатылар, Ҳәм,
Көллер жырлай берер,
Былайынша бийғам:

Тынық булақлардың,
Көкте бултлардың,
Таңда мөлдиреген,
Салқын шықлардың,
Миллиард тамшысымыз.
Бизлер толқысақ,
Ырғалар масақ.

Масақ қыйынлықта,
Аппақ нан болды,
Дәстурханға түсти,
Зор инам болды.

—Ҳәй бала, сен оны,
Умытып кеттиң.
Бәлки абайламай,
„Жаман ис еттиң."

Азат қысынғаннан,
Бурыштай қызарды.
Қызармаўдан басқа,
Не илаж қалды.

Көллер изде әне,
Азат ҳарыған.
"Қандай машақат пенен,
Бина болар нан"

Оны күйдирмекте,
Нурлар алабы.
Нурлар менен қосық,
Жазылар тағы.

"Бизлер —нур дәрьясы,
Бизлер —тиришилик
анасы.
Бизди емип тояр ҳәр
масақ,
Пахтаның ҳәр ханасы.

Бир уўыс буўдай,
Писип нан болғанша,
Емди нурларымды,
Қаншадан-қанша.

Бәҳәрде ол бир тал,
Жасыл ғия еди.
Инсан қолы оған,
Мәрғия еди.

Жаўын суўын ишти,
Нурларды емди.
Сарғайысып писти,
Кәмалға келди.

... Мийнет шегип өтти,
Таўдан, көллерден.
Нуры ашылып атқан,
Әжеп жерлерден.

Мине, қол созымда,
Путин дөңгелек
Жартысы Азат кеше,
Умытқан шөрек.

Жеди бир тислемин,
Буншама татлы!?
Азат отырды да
Қыялға батты.

Пүтин шөрек яңлы
Дөңгелек еди,
Жартысы қаяққа
Кетипти енди?

Кешиккен жолаўшы,
Таң қалды буған.
Жаңа көринген Ай,
Таўлар арғынан.

Азаттың қолындағы
Сол ярым пәтир,
Айтың айдан кемис—
Қаяғы ақыр!?

## МАЗМУНЫ

### Тәбият сүўретлери


Таңғы шық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Актал . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Гүз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Сүўрет . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 4
Нәлше . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5
Бақшада . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 6
Өзим еккен каратал . . . . . . . . . . . . . . 6
Музғала . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 6


### Спорт қосықлары


Футбол . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7
Аңғалак . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7
Турник . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 8
Шахматшы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 8
Аэропортта . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 8
Апрель . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 9
Қар (*Кеўилли балалар қосығы*) . . . . . . . . . 10
Самокат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 10
Қармаққа барғанда . . . . . . . . . . . . . . . 11
Саяхат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 12
Балалықтағы ертеклер . . . . . . . . . . . . . 13
Байтеректеги ертек . . . . . . . . . . . . . . 14
"Ашыл сумка" . . . . . . . . . . . . . . . . . 15
"Батыр" коян (*халық ертеги мотивинде*) . . . . . 17
Үш ериншек (*Халық ертеги*) . . . . . . . . . . 19
Шымшық ҳәм путақ (*Максим Гачктен*) . . . . . . 23
Шоколадхорлар (*Х. Иманбердиевтен*) . . . . . . 24
Умыт қалған ярым ай (*поэма*) . . . . . . . . . 27

shiye.

**Кеңесбай Кәримов**

**БАЛАЛЫҚТАҒЫ ЕРТЕКЛЕР**

(*Қосықлар, ертеклер, аўдармалар, поэма*)

Қарақалпақ тилинде

"Қарақалпақстан" баспасы

Нөкис —1997

Редакторы. —*Т. Данияровa*
Художник —*Г. Дарибаева*
Тех редактор —К. *Бекниязов*
Корректор —*Б. Садықов*

ИБ—2012

Териўге берилген ўақты 21 07 97 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 12.08. 97 .ж Қағаз форматы 70x108$^{1}/_{32}$ Газеталық қағаз Әдебий гарнитура. Кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 1,125 б/т. 1,57 Шәртли б/т. 1,82 Есап б/т. Жәми 2000 нусқа. Буйыртпа №200. Баҳасы 17сум.

"Қарақалпақстан" баспасы 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси 9, жай.

Қарақалпақстан Республикасы Баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитети, Нөкис полиграфкомбинаты 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9 жай.